Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS POU SIS MOUN

Li kontinye akonpli angajman pou akòde klemans sou yon baz kontinyèl

Baze sou efò Gouvènè a pou refòme pwosesis klemans lan, tankou konvoke yon Komite Konsiltatif ki gen ladan Ekspè san Patipri, dedye lòt resous imèn ak ogmante kominikasyon avèk aplikan yo

Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te akòde yon total 145 klemans

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te akòde klemans sou fòm padon pou sis moun. Aksyon sa a rekonèt moun ki demontre remò, ki bay egzanp reyabilitasyon epi ki montre yon angajman pou amelyore tèt yo ak kominote yo. Aprè mizanplas refòm pwosedi yo pou ranfòse pwosesis klemans lan, Gouvènè Hochul te akòde yon total 145 klemans pandan li antre an fonksyon, ki gen ladan 125 padon ak 20 komitasyon pèn.

"Antanke Gouvènè, mwen rete angaje pou refòme pwosesis padon an epi asire chak aplikasyon jwenn yon egzamen apwofondi e moun yo resevwa enfòmasyon alè sou sitiyasyon dosye yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, m ap akòde klemans pou sis moun ki te montre chanjman pozitif nan lavi yo epi ki pral konsakre tèt yo pou amelyore kominote yo — yo te merite dezyèm chans yo atravè reyabilitasyon e kounye a yo kapab etabli avni yo ankò."

Biwo Gouvènè a te franchi yon kantite etap pou amelyore transparans ak kominikasyon nan pwosesis klemans lan. Biwo Klemans Egzekitif (Executive Clemency Bureau) la te aplike yon politik pou voye lèt regilye bay moun ki gen aplikasyon pou klemans, pou enfòme yo sou sitiyasyon ka yo, epi bay enfòmasyon sou fason pou soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon pa yo. Biwo Gouvènè a te lanse tou yon yon platfòm sou entènèt ki ajou pou ede moun ki aplike pou klemans yo nan pwosesis aplikasyon an; sit sa a gen ladann modèl fòm aplikasyon pou demann klemans pou bay moun ki gen entansyon aplike yo pi bon gid sou ki enfòmasyon yo dwe mete lè y ap depoze dosye yo.

Gouvènè a te konvoke tou yon Komite Konsiltatif pou Klemans (Clemency Advisory Panel) ki gen ladann ekspè san patipri pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon klemans yo. Aprè rekòmandasyon Komite Konsiltatif pou Klemans lan, Gouvènè Hochul ap akòde klemans sou fòm yon padon pou sis moun.

Padon yo

Moun ki resevwa yon padon jodi a viv yon lavi san yo pa komèt krim pandan yon bon bout tan epi yo kontribiye yon fason pozitif nan kominote yo. Tout moun ki resevwa padon kontinye sibi enpak negatif pa kondanasyon kriminèl yo malgre yo te fin pije santans yo avèk siksè plizyè ane de sa. Padon Gouvènè a akòde yo pral ede soulaje difikilte sa yo.

Sae Joon Park, 57 an, yo te kondane li pou Antre san Otorizasyon Kriminèl nan Dezyèm Degre an 2009 ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm degre an 2007.

Kile Jackson, 54 ane, yo te kondane li pou Tantativ Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1992.

Angela Walder-Tuckett, 62 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre an 1989.

Heriberto Atiles, 61 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Zam Afe Chaje nan Twazyèm Degre an 1986.

Keisy Guerrero Mariano, 38 ane, te kondane pou Vòl nan Dezyèm Degre an 2015.

Paul Koopman, 62 zan, te kondane pou Kondwi Pandan li te Sou an 1995.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.